



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSTRIKSYON ANKOU NAN YON PWOJÈ
LOJMAN SIPÒ \$5 MILYON NAN ALBANY**

***Yap bati 20 apatman pou sèvi moun ki sanzabri ansanm avèk sa yo ki gen
VIH/SIDA***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse kòmansman konstriksyon sou yon devlopman lojman sipòtif \$5 milyon dola pou moun ki sanzabri yo kap viv avèk VIH/SIDA kwonik nan Albany. Nouvo Sant Damien (Damien Center) 26,000-pye-kare a nan Albany pral gen 20 apatman lojman sipò pèmanan, anplis ke lap sèvi kòm yon kay pou pwogram ajans lan.

“Ogmante aksè a lojman sipò pou sila yo kap viv avèk VIH se yon eleman esansyèl nan lit kont SIDA,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo devlopman sa a pral ede moun yo jwenn yon kote ki ansekirite pou yo viv epi ba yo sèvis sante kap sove lavi ke yo bezwen. Pwojè sa chita sou pwogrè nou te fè nan lite kont maladi sa epi sipòte efò administrasyon sa pou mete fen nan epidemi sa nan New York yon fwa pou tout.”

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul ansanm avèk otorite lokal yo nan eta te rasanble nan Sant Damien pou seremoni demaraj la nan Albany jodia.

“Aktivite jodia plis senbolize angajman Gouvènè Cuomo pou non sèlman bay lojman sipòtif pou moun yo ki nan bezwen nan Eta, li travay tou nan bi pou elimine SIDA nan New York,” **te deklare Gouvènè Adjwen Hochul.** “Finansman nou te bay la pral pèmèt Sant Damien elaji grandman misyon l nan bay lojman, ansanm avèk yon gwo varyete sèvis nan nouvo etablisman li a.”

Nouvo Sant Damien an, sa ki gen ladan renovasyon yon bilding ki egziste deja ak yon nouvo adisyon nan katye Pine Hills Albany, pral bay sipò lojman pou 22 moun kap viv avèk VIH/SIDA ki sanzabri kwonikman. Sant lan, yon òganizasyon ki byen koni nan Rejyon Capital, sèvi moun yo ki afekte pa VIH/SIDA epi li bay sèvis pou moun sila yo ki pa gen aksè a tretman medikal VIH e ki gen sipò sosyal limite. Sant lan aktyèlman nan yon lokasyon tanporè, apre ke ansyen lokal li te detwi nan yon dife nan 2013. Nouvo anplasman an kounye a gen ladan lojman sipò pèmanan, yon bagay ki te manke anvan e ki te nesèsè anpil. Yo prevwa lap ouvè nan mwa Out 2017.

Pwojè a gen yon sipò \$4.3 milyon dola ki soti nan Pwogram Asistans ak Lojman Sanzabri Biwo Asistans Tanporè ak Dezabilite Eta New York (New York State Office of

Temporary and Disability Assistance's Homeless Housing and Assistance Program). Ekip Rekonsepsyon Medicaid (Medicaid Redesign Team) Gouvènè a te bay finansman nan inisyativ lojman an. Yon pati nan ekonomi Medicaid la pral dirije nan inisyativ ki gen pou bi pou plis redwi depans Medicaid, sa ki gen ladan lojman pou adilt selibatè sanzabri yo ki se itilizatè ki koute Medicaid anpil lajan. Lojman sipòtif te jwe yon wòl enpòtan nan efò sa yo, ede diminye nan depans elve Medicaid pandan lap pi efikasman jere kondisyon kwonik moun yo. Sant Damien an ap kouvri Balans depans konstriksyon an anprive.

Nan kad plan daksyon sanzabri san parèy \$10.45 milya dola Gouvènè Cuomo a, 84 founisè ki baze sou kominote te resevwa finansman pou sipòte yon total 121 pwojè. Sant Damien an te pami òganizasyon yo te chwazi yo e li pral resevwa \$360,000 chak ane pou ede avèk depans fonksyonman pou apatman sa yo.

Komisyone Biwo Asistans Tanporè ak Dezabilite Eta New York Samuel D. Roberts, te deklare, "Gouvènè Cuomo te yon lidè pandan lontan nan pwogram devlopman lojman sipòtif, e pwojè sa demontre angajman l pou adrese kriz sanzabri a nan Eta New York. Lojman sipòtif pote ansanm lojman ak sèvis ki nesèsè pou ede moun yo amelyore sante epi estabilize lavi yo."

Senatè Neil Breslin te deklare, "Nouvo Sant Damien an pral bay asistans ki nesèsè anpil pou moun yo ki afekte pa VIH/SIDA e ki sanzabri kwonikman. Nou gen yon responsabilite pou ede moun sila yo ki gen bezwen epi bay lojman sipòtif ki enpòtan nan efò sa a. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou envestisman l nan Pwogram Asistans ak Lojman Sanzabri Biwo Asistans Tanporè ak Dezabilite Eta New York."

Manm Asanble Patricia Fahy te deklare, "Sant Damien Albany se founisè prensipal sèvis nan Rejyon Capital la pou moun yo kap viv avèk VIH/SIDA ansanm avèk fanmi yo. Grasa Gouvènè Cuomo ak Eta New York, sant lan kounye a pral anmezi pou bay lojman sipòtif pou ede asire ke moun yo jwenn swen yo bezwen. Konpliman a Perry Junjulas ak tout Sant Damien nan devlopman fòm idab sa ki byen merite."

Egzekitif Konte Albany Daniel P. McCoy te deklare, "Trajedi frape Sant Damien Albany twazan de sa lè bilding lan te boule men renesans Sant lan pral bay sipò ak yon nouvo kay pèmanan pou moun sanzabri yo kap viv avèk VIH/SIDA nan kominote nou an. Nou konnen ke lojman pou moun yo ki gen VIH/SIDA vle di swen sante e lè nou adrese pwoblèm sanzabri, nap ede moun yo jwenn swen medikal ke yo bezwen."

Majistra Albany Kathy M. Sheehan te deklare, "Angajman finansman sa ki soti nan Biwo Asistans Tanporè ak Dezabilite konfime defans kontinyèl Gouvènè Cuomo pou lojman sipòtif. E lè nou bay lojman pou sanzabri kwonik yo, Sant Damien an ap yon fwa ankò demontre ke li alavangad nan bay swen ki gen konpasyon nan Rejyon Capital la."

Direktè Egzekitif Sant Damien Albany Perry Junjulas te deklare, "Investisman sa nan kominote nou an ap ede nou nan objektif nou pou mete fen nan epidemi SIDA nan Eta New York. Pou moun yo ki gen VIH/SIDA lojman se swen sante e Sant Damien

Albany angaje pou bay fondasyon sa pou asire ke chak moun resevwa aksè san limit ak sipò yo merite.”

Depans pou sanzabri ka wo anpil e investisman sa pral bay ekonomi alontèm pou gouvènman ak konte lokal la, ansanm avèk eta. Rechèch te montre ke yon ensifizans nan lojman estab se yon gwo obstak pou angajman konsistan nan swen VIH ak efikasman nan chak pwen nan swen kontinyèl VIH.

Lojman sipòtif se yon eleman enpòtan nan plan Gouvènè a pou mete fen nan epidemi SIDA nan Eta New York. Pou moun yo ki genyen VIH/SIDA pi gwo bezwen ki poko satisfè a se lojman.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418